

الخطبة الأولى

في أسباب جلب الرزق

الحمد لله الذي عمّت آلاؤه جميع مخلوقاته. فأبى أكثر الناس إلا كفوراً. ونصب من الآيات الباهرات ما دل على وحدانيته فعميت بصائر الكافرين والمنافقين فما زادتهم إلا نفورا. وبصّر المؤمنين في التكفير في آياته فأشرقت قلوبهم بالإيمان به منّا منه وتيسيراً. فسبحانه من قسّام ما أعدله، ومن قهار ما أحلمه، ومن جواد ما أكرمه، ومن عليم ما أعلمه، لا يعزب عنه مثقال ذرة في السموات ولا في الأرض ولا يغادر صغيراً ولا كبيراً.

أحمده سبحانه حمد عبد عرفه حق معرفته. وأشكره شكراً كثيراً. وأشهد أن لا إله إلا الله وحده لا شريك له في ربوبيته ولا في إلهيته، تعالى عن ذلك علواً كبيراً، وأشهد أن محمداً عبده ورسوله أرسله بالحق بشيراً ونذيراً، وداعياً إلى الله بإذنه وسراجاً منيراً. اللهم صل على عبدك ورسولك محمد وعلى آله وأصحابه ومن تبعهم بإحسان إلى يوم الدين، وسلم تسليماً كثيراً.

أما بعد فيا أيها الناس، اتقوا الله تعالى فقد أسبغ عليكم نعمه ظاهرة وباطنة فاشكروه، وأوصاكم بالتمسك بكتابه وسنة رسوله صلى الله عليه وسلم فاقبلوا وصية ربكم وأطيعوه. ولا تجعلوا أمره ونهيه وراء ظهوركم فيهلككم كما أهلك من قبلكم لَمَّا آسفوه. وتقربوا إليه بشكر نعمه عليكم وراقبوه، فكم نعمة آتاكم وكم فتنة وقاكم وكم عدو كفاكم، فاشكروه عباد الله على ما أولاكم، فالسعيد من استعمل ما أوتيته من النعم في طاعة خالقه ومربيه، والشقي من صرفه في إرادته وشهوته ولم يؤدّ حق الله تعالى الواجب فيه.

أعوذ بالله من الشيطان الرجيم } ولو أن أهل القرى آمنوا واتقوا
لفتحنا عليهم بركات من السماء والأرض ولكن كذبوا فأخذناهم
بما كانوا يكسبون {

Hadirin Jama'ah Jum'ah ingkang dimulyakan dining Allah swt.

Saking mimbar Jum'ah ingkang terhormat meniko kulo wasiat dateng panjenengan sedoyo lan awak kulo piyambak supados terus ningkataken kualitas taqwa kito dateng ngersanipun Allah swt. Taqwa ingkang sak estu-estunipun taqwa. Taqwa wonten panggonan pundi kimawon. Baik wonten panggonan sepi maupun rame. Baik dalam keadaan sendiri maupun bareng kaleh tiang katah.

Keranten hanya dengan taqwa ingkang sae niki kimawon insya Allah kita saget medal saking sedoyo masalah ingkang sampun kito adepi selama niki, khususipun masalah rizqi.

Hadirin Jama'ah Jum'ah Rohimakumulloh...

Sampun dados kasemerepan kito sedoyo bilih akhir-akhir meniko katah sanget tiang-tiang ingkang pikiran lan perhatosanipun selalu dikuasai lan disibukkaken kaleh masalah rizqi lan ya'nopo carane saget angsal sesuap nasi kangge pengupo jiwo.

Kito nggeh sering sumerap katah sanget masyarakat ingkang demi mencari uang lan pekerjaan rela ninggalaken keluarganipun untuk pergi ke luar kota, pulau bahkan ke luar negeri.

Mboten jarang pula kito nyemerapi tiang-tiang ingkang raut muka lan wajahipun menampakkan kesan lelah lan payah akibat kesibukan-kesibukan duniawi ingkang mantun dipun lakoni.

Di sisi lain, kito sering ningali sekelompok tiang ingkang dados pejabat, pegawai ingkang sedoyo wakdalipun selalu penuh dengan urusan-urusan pendamelan mawon. Menawi siang mereka disibukkan oleh pendamelan ingkang dibebannaken majikan lan pimpinan mereka. Lan menawi dalu mereka dipun disibukkaken kaleh tuntutan-tuntutan duniawi lintunipun. Sedoyo niku wau gesang wonten rupek lan sumpekepun pendamelan siang dan malam.

Memang demikianlah hakekat dunia yang setiap gerak dan detiknya tidak bisa terlepas dari kesusahan dan kepayahan.

Hadirin Jama'ah Jum'ah ingkang minuliyo...

Merupakan sunnatulloh, bilih Gusti Allah dadosaken makhluk wonten dunyo meniko berpasang-pasang. Wonten sing kere, wonten sing sugih, wonten sing dados bos, wonten sing dados jongs, wonten sing dados pemimpin lan wonten sing dados rakyat biasa.

Namun ingkang perlu dicatat wonten meriki inggih meniko, sedoyo status ingkang sampun dinggadahi kalah seseorang niku mboten saget dados jaminan kangge merkoleh nopo ingkang dipun kersaaken. Mereka hanya saget merkoleh nopo sing sampun dipesti dening Allah. Keranten Allah niku sampun nulis sedono rizqini Bani Adam semenjak wonten kandungan ibunipun piyambak-piyambak.

Hadirin Jama'ah Jum'ah Rohimakumulloh...

Wonten ing khutbah meniko sekedik bade kulo sampeaken sebab-sebab kangge tambahe lan munda'e rizqi ingkang sampun disyare'ataken dening Allah swt. Namun, poro hadirin, sedoyo Resep lan trik nggampangaken rizqi ingkang bade kulo sampe'aken mangke niku mboten bakal saget migunani lan manfa'ati marang tiang ingkang purun ngelampahi kejawi tiang wau nggadahi keyakinan lan keimanan ingkang kuat dateng Allah swt.

Ayyuhal haadlirun, rohimakumulloh...

Termasuk paling agung-agunge perkawis ingkang saget dadosaken gampang lan jembare rizqi inggih puniko taubat lan ngatahaken woasan istighfar dateng Allah swt. Gusti Allah sampun dawuh wonten Al Qur'an:

فقلت استغضروا ربكم إنه كان غفاراً يرسل السماء عليكم مدراراً

ويمدكم بأموال وبنين ويجعل لكم جنات ويجعل لكم

أنهاراً

Inkang artosipun kirang langkung mekaten: "Mongko nuli aku dawuh, "njalu'o sepuro siro kabeh mareng Pengeran siro. Kerono Alloh iku Dzat Kang Akeh Pengapurane. Mongko Gusti Alloh bakal nurunaken udan marang siro kabeh, pareng pitulung kelawan bondo-bondo, anak turun, lan dadi'aken kebun-kebon lan kalenan marang siro kabeh".

Memang, kito sering ningali sekelompok tiang katah ingkang sampun ngatah-ngatahaken istighfar lan taubat dateng Allah. Namun kenyataannipun istighfar lan taubat ingkang dipun lampahi niku wau mboten saget nambahi nopo-nopo kejawi kefekiran lan kemelaratan.

Mboten kedik tiang ingkang sergep anggenipun maos istighfar tapi rizqipun tasek seret lan angel. Sehingga katah tiang ingkang tanglet, nopo bener ingkang dipun dawuhaken dening Allah niku wau?

Hadirin Rohimakumulloh...

Sepindah maleh, dalam masalah meniko kito kedah nguatkan keyakinan lan kemantapan kito dateng Allah swt, bahwa nopo ingkang dipun sampeaken Alloh niku pasti benere.

Sehingga menawi wonten tiang ingkang sampun ngelaksanaaken istighfar lan taubat niku ternyata tasek dereng saget medal songko masalah kesulitan rizqipun, justru ingkang patut dipertanyaaken inggih puniko keadaane tiang niku wau piyambak. Nopo tiang niku wau sampun temenan anggenipun taubat lan istighfar? Nopo kelampahane tiang niku wau sampun mencerminkan kelakuan ingkang sampun medal songko duso-dusonipun?

Keranten saget dipasteaken bilih menawi wonten istighfar lan taubat niku mboten saget ngedalaken rizki berarti istighfar ingkang sampun dilampahi niku namung istighfar lisan kemawon. Berarti manahe tiang niku mboten saget nderek istighfar. Kelampahane nggeh tasek dereng nggambaraken kelakuane tiang ingkat taubat.

Sahabat Ibnu Abbas dalam nafsiri firmane Gusti Allah niku wau dawuh mekaten:

إذا تبتم إلى الله واستغفرتموه وأطعتموه كثر الرزق عليكم،
وسقاكم ربكم من بركات السماء، وأنتب لكم من بركات الأرض
وأنتب لكم الزرع وأدرّ لكم الضرع وأمدكم بأموال وبنين أي
أعطاكم الأموال والأولاد، وجعل لكم جنات فيها أنواع الثمار
وخللها بالأنهار الجارية بينها.

Kapan awakmu gelem taubat, nyuwun istighfar, lan nurut marang Allah mongko Allah bakal ngakehaken rizqi marang siro kabeh. Allah bakal ngombeni siro kabeh saking keberkahan langit. Bakal nyukulaken tanduran-tanduran kerono siro kabeh saking barokah bumi. Bakal nderesanken poan-poan, lan bakal paring bondo lan anak turun ingkang akeh marang siro kabeh.

Imam Hasan Al Bashri nate diwaduli kaleh seseorang perkawis sangete kepailan lan kekirangan tuyo. Lajeng Imam Hasan maringi solusi, "Mocoho istighfar!". Sewaktu beliau dipun waduli tiang faqir beliau nggeh paring solusi supados tiang niku wau ngatahaken istighfar.

Wonten kesempatan lintu beliau nate disuwuni tiang dungo, "Yaa, Aba Said! Kulo aturi panjenengan dungaaken kulo supados Allah enggal paring putro dateng kawulo. Keranten kulo niki tiang ingkang gabuk". Lajeng Imam Hasan ngutus tiang niku wau supados ngatah-ngatahaken maos istighfar.

Inkang ambal sekawan nggeh sami. Sewaktu wonten tiang inkang wadul masalah keringi sawah lan perkebunan, beliau nggeh ngutus tiang niku wau supoyo ngatahaken istighfar. Sampek-sampek salah setunggale santri beliau maneaken tanglet, "Wonten tiang sekawan ingkang madulaken masalah ingkan benten-benten. Tapi jawaban panjenengan namung setunggal, inggih puniko: ngatahaken istighfar. Nopo maksud panjenengan?"

Lajeng Imam Hasan Al Bashri maos ayat Al Qur'an:

فقلت استغضروا ربكم إنه كان غفاراً يرسل السماء عليكم مدراراً
ويمددكم بأموال وبنين ويجعل لكم جنات ويجعل لكم أنهاراً.

Lan di antara nabi ingkang sampun saget mendet manfaatipun istighfar lan ngeraosaken menawi istighfar niku saget dados sebabe gampang rizqi inggih puniko nabi Hud as. sehingga beliau dawuh:

ويا قوم استغضروا ربكم ثم توبوا إليه يرسل السماء عليكم مدراراً
ويزدكم قوة إلی قوتکم ولا تتولوا مجرمین.

Hai Kaumku...! Istaghfaro siro kabeh, nuli taubato marang Allah. Mongko Allah bakal nurunaken udan kelawan deres, lan nambahi kekuatan marang kekuatan siro kabeh. Lan siro kabeh ojo mungkur kelawan agawe duso.

Sepindah maleh saget dipun simpulaken bilih kito sedoyo sampun ngelampahi taubat lan istighfar, tapi rizqi kito tasek angel lan seret berarti wonten ingkang salah ing awak kito piyambak. Mongko meniku monggo kito ngoreksi awak kito piyambak-piyambak, jangan-jangan kito tasek nggadahi duso-duso dateng Allah swt.

Hadirin Jama'ah Jum'ah Yang Dimulyakan Allah...

Di antara sebab-sebab maleh ingkang saget ndadosaken rizqi kito lancar lan gampang inggih puniko kita kedah nggadahi raos taqwa lan ajreh ingkang sak sae-saenipun dateng Allah swt. Inggih puniko purun ngelampahi sedoyo perintah lan ngedohi laranganipun Allah. Lan ingkang langkung penting maleh inggih puniko ngedohi kemaksiatan.

Gusti Allah sampun dawuh wonten Al Qur'an:

ومن يتق الله يجعل له مخرجاً ويرزقه من حيث
لا يحتسب

"Sopo wonge sing gelem taqwa marang Allah mongko Allah bakal dadeaken dalam keluar kanggo wong iku, lan Allah bakal maringi rizqi saking panggonan ingkan mboten dinyononyono".

Shohabat Ibnu Mas'ud wonten tafsirnya ndawuhaken mekaten:

إن أكبر آية في القرآن فرحاً ومن يتق الله يجعل له
مخرجاً

Sa' temene agung-agunge ayat wonten Al Qur'an ingkang pareng kebungahan iku ayat:

ومن يتق الله يجعل له مخرجاً

Wonten ayat lintu Allah nggeh ndawuhaken:

ولو أن أهل القرى آمنوا واتقوا لفتحنا عليهم بركات من السماء
والأرض ولكن كذبوا فأخذناهم بما كانوا يكسبون

Lamuno penduduk deso iku gelem iman lan taqwo dateng Allah swt. mongko Aku (Allah) bakal buka' atas penduduk niku wau sedoyo keberkahan saking langit lan keberkahan saking bumi. Tapi kabeh mau podo nggorohake, mongko Aku nyikso kabeh sebab olehe sing podo dilakoni.

Hadirin Jama'ah Jum'ah rohimakumulloh...

Menawi gusti Allah sampun buka keberkahan saking langit lan keberkahan saking bumi, mongko ora bakal wonten maleh istilah kangelan ingdalem nggolek rizqi lan masalah duniawi lintune. Ora bakal ono ingkang sanggup ngalang-ngalang lan ngurangi.

Maka sangat kelintu bilih kito selama niki selalu nggantugaken masalah rizqi lan ekonomi marang tiang lintu. Nopo maleh menawi kito nggantugaken masalah niki mareng tiang

kafir.

Ingkan sanget kelintu maleh inggih puniko anggepan sebagian tiang ingkang nggadahi pemahaman bilih zaman sak mangke sampun angel mados rizqi ingkang halal. Lan bilih kepingin cepet sugih kudu gelem ngelakoni praktek-praktek haram.

Pemahan ini kelintu enstu poro hadirin. Malah tiang ingkan senengane ngelakosi kemaksiatan lan duso iku bakal kangelan angsal rizqi saking Allah. Lan menawi Gusti Alloh kerso maringi rizqi marang tiang niku wau mongko rizqi ora bakal iso barokah. Ateges bakal cepet ente'e.

Lan sepindah maleh, sedoyo niki tergantung lan sangat mbetahaken kemantapan lan kekuatan iman lan keyakinan kito mareng Allah.

Hadirin rohimakumulloh...

Lan di antara perkawis maleh ingkang saget ngatahaken lan njembaraken rizqi kito inggih puniko kito kedah seneng shilaturohim. Ngapi'i lan nepung sana' seuduluran. Baik sanak ingkang tebih nopo ingkang celak. Baik ingkang tasek alit nopo ingkang sapun sepuh. Baik ingkang jaler atawin estri. Ingkang saking nasabe bapak nopo estri. Sedoyo niku wau kedah dipun saeni lan dipun sambung terus.

Kanjeng nabi Muhammad nate ndawuhaken ingkang diriwayataken Imam Bukhori wonten kitab Shohihipun:

عن أبي هريرة رضي الله عنه أنه قال: سمعت رسول الله صلى الله عليه وسلم يقول: ((من سره أن يبسط له في رزقه وأن ينسأ له في أثره فليصل رحمه))

Sahabat Abu Huroiroh nate miring Kanjeng Nabi dawuh: "Sopo wonge sing seneng dijembaraken rizqini lan didawaaken rizqine mongko wong iku mau becik nyambung sesanaane".

Kito sering nyumerapi katah tiang ingkang nyambut dameli niku mboten sepinten sergep. Tapi kenyataane tiang niku wau katah rizqi lan dunyane. Tapi sak mantune kito teliti maleh ternyata tiang niku wau termasuk tiang ingkang seneng silaturrohim.

Bahkan oleh tiang kafir silaturrohim meniko sampun diyakini saget nambahi rizqi lan dunyonipun. Mongko kito ampun ngantos heran beleh kito sering ningali tiang kafir kafir niku sugeh-sugeh lan dunyane katah.

Cubi kito waos hadits kanjeng nabi ingkang Ibnu Hibban wonten kitab Shohehipun kelayan sanad engkang sael!

عن أبي بكرة رضي الله عنه عن النبي صلى الله عليه وسلم أنه قال: ((ما من ذنب أجدر أن يعجل الله تعالى لصاحبه العقوبة في الدنيا مع ما يدخره له في الآخرة له من قطعية الرحم، والخيانة، والكذب، وإن أعجل الطاعة ثوابا صلة الرحم، حتى إن أهل البيت ليكونوا فجرة، فتنمو أموالهم، ويكثر عددهم، إذا تواصلوا)).

"Ora ono duso sing luwih patut dicepetaken seksoe kanggo pelakune wonten dunyo semertane sikso sing ono nang akherat tinimbang megot sesanaan, khiyanat, lan goro. Lan sak cepet-cepete ganjaran penggawe to'at yoiku nyambung sesanaan. Sehinggo lamuno Ahlul Bait iku podo lacut mongko bondone bakal tersu mundak lan akeh wilangane nalikane Ahlul Bait niku wau purun silaturrohim".

Hadits meniko sampun njelasaken kanti sak jelas-jelase bilih sinten mawon ingkang purun silaturrohim mongko rizqine wong niku wau bakal dipun katahaken lan diundaaken dening Allah meskipun tiange niku tiang ahli maksiat lan fasiq.

Hadirin Jama'ah Jum'ah ingkang dipun minuliyaaaken dening Allah...

Di antaranipun perkawis ingkang saget ndadosaken rizqine tiang niku terus tambah lan mundak inggih puniko seneng infaq lan shodaqoh.

Kito kedah mengertosi bilih sedoyo nopo mawon ingkang kito nggadahi, baik niku rupo bondo, anak, istri, lan dunyo lintu-lintunipun niku sedoyo naming titipan saking Allah swt. Kito sedoyo hakekate niku mboten nggadahi nopo-nopo. Cubi kit iling-iling, nopo ingkang kito betho nalikane kita dilahirkan wonten dunyo meniko. Nopo ingkang kito betho?

Saking menikulah, monggo kito ngeremenaken manah kito piyambak-piyambak supoyo sergep shodaqoh lan mbantu tiang lintu kelayan maringi sebagian rizqi ingkang dipun titipaken Allah dateng kito.

Ampon ngantos manah kito ngeroso abot lan ngeraos angel dijak ngelampahi shodaqoh. Keranten perasaan meniko saget dadosaken kito sedoyo bakal ngeroso getun lan ketunan naliko kito sampun kapundut mangken.

Allah swt. sampun nggambaraken betapa susah lan ketunane tiang ingkan semasa uripipun mboten purun shodaqoh:

فيقول رب لولا أخرتني إلى أجل قريب، فأصدق وأكن من
الصالحين

Ingang artosipun kirang langkung mekaten, "Mongko tiang niku wau bakal matur dateng Allah: Yaa Robb, mbok yoho njenengan akhiraken (ajal) kawulo marang mongso ingkang parek. Mongko kawulo bakal shodaqoh lan dados tiang ingkang sholeh".

Hadirin jama'ah Jum'ah ingkang dipun mulyaaken dining Allah swt..

Kito sedoyo ampon ngantos nggadahi kekhawatiran menawi kito shodaqohaken arto kito mongko kito bakal dados tiang ingkang melarat lan bondo kito bakal ente'. Malah Allah sampun njanjaken wonten Al Qur'an, bahwa tiang ingkang shodaqoh niku bondone bakale dipun lipat-gandaaken kaleh Allah swt. Lan menawi janjine Allah niku wau mboten diparengaken Allah marang kito semongso kito tasek gesang, mongko Allah bakal marengaken ganjarane shodaqoh wau wonten akherat, utawi diparengaken marang putro-putro kito. Lan kito nggeh tetep angsal ganjaran piyambak saking Allah swt.

Dawuhepun Gusti Allah...

مثل الذين ينفقون أموالهم في سبيل الله كمثل حبة أنبتت سبع
سنابل في كل سنبله مائة حبة، والله يضاعف لمن يشاء، والله
واسع عليم، (البقرة: 261)

Ingang artosipun kirang langkung mekaten, "Perumpamaane tiang-tiang ingkang purun nginfakaken bandane kanggo agamanipun Allah iku koyo dene wiji sagecil kang nukulake pitung wuli, ing dalem sa' wulinipun isi satus wiji. Lan Allah niku kerso nikelaken marang tiang ingkang dipun kersaanken. Lan Allah niku Dzat ingkang Moho Jembar lan Moho Ngudaneni". (Al Baqoroh: 261)

Hadirin jama'ah Jum'ah ingkang dipun mulyakaen dening Allah...

Niki mawon ingkang saget kulo aturaken. Mugo-mugo wonten manfaat lan migunani dateng kito sedoyo.

أعوذ بالله من الشيطان الرجيم { ولو أن أهل القرى آمنوا واتقوا
لفتحنا عليهم بركات من السماء والأرض ولكن كذبوا فأخذناهم
بما كانوا يكسبون }

نفعني الله وإياكم بهدي كتابه واتباع سنة نبينا محمد صلى الله
عليه وسلم، أقول هذه القول وأستغفر الله لي ولكم من كل ذنب
وخطيئة فاستغفروه إنه هو الغفور الرحيم.....

خطبة الشيخ الداعية محمد بن عبد الوهاب - (ج 1 / ص 5)

الخطبة الثانية

الحمدُ لله المحمود على كل حال. الموصوف بصفات الجلال والكمال. المعروف بمزيد الإنعام والإفضال. أحمدُهُ سبحانه وهو المحمود على كل حال، وفي كل حال. وأشهد أن لا إله إلا الله وحده لا شريك له ذو العظمة والجلال. وأشهد أن محمداً عبده ورسوله وخليته الصادق المقال. اللهم صلّ على عبدك ورسولك محمد وعلى آله وأصحابه خير صحب وآل. وسلم تسليماً كثيراً

أما بعد فيا أيها الناس اتقوا الله حق ثقاته. وسارعوا إلى مغفرته ومرضاته. وأجيبوا الداعيَ إلى دار كرامته وجناته. ولا تغرّنكم الحياة الدنيا بما فيها من زهرة العيش ولذاته. فقد قُرِب الرحيل، ودُهب بساعات العمر وأوقاته. ألا وإن المؤمن بين مخافتين : بين أجل قد مضى لا يدري ما الله صانع فيه، وأجل قد بقي لا يدري ما الله قاض فيه. فليأخذ العبد من نفسه لنفسه، ومن صحته لمرضه، ومن حياته لموته، ومن غناه لفقره، فوالله ما بعدَ الموت من مُسْتَعْتَبٍ، وما بعد الموت من دار إلا الجنةُ أو النار. وقد ثبت عنه صلى الله عليه وسلم أنه قال "الكَيْسُ من دان نفسه وعَمِلَ لما بعد الموت، والعاجز من أتبع نفسه هواها وتمنى على الله الأمانى"

أعوذ بالله من الشيطان الرجيم { ليس بأمانيكُمْ ولا أمانِيَّ أهلِ الكتاب، مَنْ يَعْمَلْ سُوءاً يُجْزَ بِهِ ولا يجد له من دونِ الله ولياً ولا نصيراً. ومن يَعْمَلْ من الصالحات من ذكر أو أنثى وهو مُؤْمِنٌ فأولئك يَدْخُلُونَ الجنةَ ولا يُظْلَمُونَ تَقِيْرًا }

بارك الله لي ولكم في القرآن العظيم. ونفعني وإياكم بما فيه
من الآيات والذكر الحكيم. أقول قولي هذا وأستغفر الله العظيم
الجليل. لي ولكم ولسائر المسلمين من كل ذنب، فاستغفروه إنه
هو الغفور الرحيم.

Khutbah Jum'at ini di susun oleh :

Ust. Muhammad Hasan Wakil Rois Amm PP. Langitan Widang Tuban

Email : hasan@langitan.net <http://langitan.net>